**दिन– मंगलवार** **दिनांक–31.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार लोक सेवा आयोगक सत्तरिम सिविल सेवा प्रारंभिक परीक्षा दोबारा कराओल जयबाक मांग के लऽकऽ अभ्यर्थी सभक विरोध प्रदर्शन जारी अछि। एहि मध्य विभिन्न संगठन आ राजनीतिक दल सभ आंदोलनकारी छात्र सभक समर्थन मे विरोध प्रदर्शन शुरू कऽ देलक अछि। प्रदर्शनकारी अभ्यर्थी सभ पर लाठीचार्जक विरोध मे भाकपा माले आ कांग्रेसक नेता आओर कार्यकर्ता लोकनि आइ राजभवन मार्च निकाललनि। जहि के पुलिस रोकि देलक। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दिल्ली सँ आपस घुरितहि पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह सँ पछिला दिन बीपीएससी अभ्यर्थी सभक प्रदर्शन आ लाठीचार्जक घटना सँ जुड़ल पूरा जनतब लेलनि अछि।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ बीपीएससी अभ्यर्थी सभक प्रदर्शन मामिला के लऽकऽ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ भेट कयलनि। बाद मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत श्री चौधरी कहलनि जे बिहार लोक सेवा आयोग कोनो निर्णय लेबाक लेल स्वतंत्र अछि। ओ जनौलनि जे आयोग एक स्वायत्त इकाई अछि आ ओ छात्र हित मे सही निर्णय करबाक लेल सक्षम अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे बीपीएससी परीक्षा के लऽकऽ प्रदर्शनकारी अभ्यर्थी सभ सँ गपशप कयल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे सरकार एहि मामिला मे गंभीर अछि आ मुख्य सचिव अभ्यर्थी सभक संग लगातार गपशप कऽ रहल छलाह। श्री पांडेय कहलनि जे छात्र हितक अनदेखी नहि भऽ सकैत अछि।

---

राष्ट्रीय जनता दल राज्य सरकार सँ कहलक अछि जे बिना देरी कयने बीपीएससीक परीक्षा दोबारा आयोजित कयल जयबाक घोषणा कयल जयबाक चाही। राजद प्रवक्ता शक्ति

सिंह यादव पटना मे आयोजित प्रेस कॉन्फ्रेंस मे कहलनि जे प्रदेश सरकार बीपीएससी अभ्यर्थी सभक मांग के अनसुना कऽ रहल अछि।

———————————————————————

बिहार विधान परिषदक, विधानसभा, कोटाक एक रिक्त सीटक लेल उपचुनाव तेईस जनवरी कऽ होयत। चुनाव आयोग कहलक जे एहि लेल अधिसूचना छओ जनवरी कऽ जारी कयल जायत। नामांकन पत्र तेरह जनवरी धरि दाखिल कयल जा सकैत अछि। आवश्यकता पड़वा पर मतदान तेईस जनवरी कऽ होयत आ ओहि दिन मतक गिनती कयल जायत। विधानसभा कोटाक ई सीट राजदक सुनील कुमार सिंहक सदस्यता समाप्त होयबाक कारणे खाली भेल छल।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजभवन मे नवनियुक्त राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खान सँ भेंट कयलनि। एहि अवसर पर निवर्तमान राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर सेहो उपस्थित छलाह। जनतबक अनुसार आरिफ मोहम्मद खान दू जनवरी कऽ औपचारिक रूप सँ बिहारक नव राज्यपालक रूप मे सपत ग्रहण करताह।

———————————————————————

केंद्रीय प्रत्यक्ष कर बोर्ड वर्ष दू हजार चौबीस–पच्चीसक लेल विलंबित आ संशोधित आयकर रिटर्न दाखिल करबाक अंतिम तिथि एकतीस दिसम्बर सँ बढ़ा कऽ पंद्रह जनवरी कऽ देलक अछि। एहि सँ करदाता सभ के रिटर्न दाखिल करबा आ संशोधित करबाक लेल दू सप्ताहक अतिरिक्त समय भेटि गेल अछि।

———————————————————————

सर्द पछबा हवाक कारणे प्रदेशक अधिकांश भाग मे ठंडा मे वृद्धि दर्ज कयल गेल। राजधानी पटना सहित प्रदेशक कतको जिलाक अधिकतम तापमान मे कमी आयल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक अधिकतर भाग मे अधिकतम आ न्यूनतम तपामान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस धरिक कमीक संभावना अछि जाहि सँ ठंड़ा आ कनकनी बढ़त। विभाग जनौलक जे एहि दरमियान प्रदेशक उत्तर–पश्चिम भाग मे किछु ठाम घनगर कुहेस लागल रहबाक आसार अछि।

———————————————————————

वर्ष दू हजार चौबीसक विदाई आ वर्ष दू हजार पच्चीस के स्वागतक लेल राजधानी पटना सहित पूरा प्रदेश मे लोक सभ विशेष तैयारी कयलनि अछि। नव वर्षक स्वागत आ जश्न के लऽकऽ लोक सभ मे खास उत्साह देखल जा रहल अछि। ओतहि प्रशासन सेहो सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयलक अछि। हमर जिला संवाददाता सभ जनौलनि जे नव वर्ष के लऽकऽ विभिन्न पिकनिक स्थल आ प्रमुख पर्यटन स्थल सभ पर सुरक्षाक विशेष इंतजाम कयल गेल अछि। प्रशासन शराबबंदी के पूर्ण रूप सँ सुनिश्चित करबाक लेल सेहो विशेष तैयारी कयलक अछि। एम्हर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोक सभ के नव वर्षक शुभकामना देलनि अछि। ओ अपन सोशल मीडिया पोस्ट मे वर्ष दू हजार चौबीस मे भारत के प्रगति के स्मरण करैत एहि के एक काव्यात्मक उत्सवक नाम दैत लिखलनि **मेरा भारत बढ़ रहा है।**

———————————————————————

बेगूसरायक हड़ताली चौक पर जन सुराज पार्टी जिला इकाई सत्तरिम बीपीएससी पीटी परीक्षा रद्द करबाक मांग के लऽकऽ प्रदर्शन कयलक।

किशनगंजक पुलिस अधीक्षक सागर कुमार पोठिया मे एक बंदी के हाजत मे मृत्युक मामिला मे ठाकुरगंज के अंचल पुलिस निरीक्षक आ पहाड़कट्टाक थानाध्यक्ष के लाईन हाजिर कयलनि अछि।

———————————————————————

समाप्त